



Pou Piblikasyon Imedya: 02/06/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO PASE FÒS ENTÈVANSYON KONT KRIM RAYISANS NAN
LAPOLIS ETA A ENSTRIKSYON POU YO ASISTE NAN ANKÈT SOU KRIM
RAYISANS ANTI-SEMIT LA NAN BROOKLYN**

"Mwen santi m degoute pou aprann ankò yon lòt zak vyolans anti-Semit nan Brooklyn semèn sa a. Ensidan sa yo ap ogmante nan tout Eta a, epi yo fè pati kansè entolerans ke yo enjekte nan kò nasyon sa a. Fòk sa fini.

Mwen ap pase Fòs Entèvansyon kont Krim Rayisans nan Lapolis Eta a enstriksyon pou bay Depatman Lapolis New York (New York Police Department, NYPD) nenpòt resous yo bezwen pou ankete sou ensidan sa a. Yo dwe trennen moun ki responsab la devan lajistis.

Atak meprizab sa a sou yon manm kominote jwif la te pase nan menm dire 24èdtan ak ensandi yon drapo Fyète andeyò yon ba LGBTQ. Yon atak sou youn nan nou se yon atak sou nou tout. Antanke Nouyòkè, nou pral rete ini kont tout fòm entolerans epi kontinye pou rann li klè ke Eta sa a gen zewo tolerans pou konpòtman repiyan sa a. Nou pa pral pèmèt rayisans divize nou".

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)